



Date 9/1/2015

Chè paran/responsab:

Distri lekòl nou an resevwa lajan federal pou pwogram Tit I ki fè pati lwa 2001 Okenn Timoun Pa Dwe Rete Dèyè (No Child Left Behind Act –NCLB). Youn nan kondisyon pou resevwa lajan sa yo se avize paran ak responsab yo sou dwa yo genyen pou mande ak resevwa enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè ak asistan èd pwofesè k ap travay ak pitit yo.

Dapre lwa a, men sa ou gen dwa mande:

- si pwofesè pitit ou a te satisfè kritè lisans Depatman Edikasyon Rhode Island (Rhode Island Department of Education - RIDE) pou matyè ak nivo klas pwofesè a ap anseye a;
- si yo te siprime kondisyon RIDE yo pou pèmèt pwofesè a anseye ak yon lisans pou ka ijans oswa pwovizwa;
- nan ki domèn pwofesè a te gradye nan kolèj ak domèn espesyalizasyon pou nenpòt degre/sètifikasyon avanse; ak
- kalifikasyon èd pwofesè k ap bay pitit ou a sèvis akademik
- Nivo siksè pitit ou a nan chak evalyasyon akademik eta a

Si w ta renmen resevwa nenpòt nan enfòmasyon ki anwo a, tanpri pa ezite epi mande pou pale ak responsab Tit I pou. Mèsi pou enterè w ak patisipasyon w nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

Julie Motta,

Assistant Superintendent